ISSN: 2181-3906
2024

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 3 / ISSUE 12 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# MOTIV HA'M MOTIVACIYA

**Jumamuratova Ayzada Muhammedaliy qizi**
Berdaq atindag'i Qaraqalpaq Ma'mleketlik Universiteti, Ko'rkem -o'ner fakulteti,
2-kurs student.
***Pochta ma'nzili:*** *ayzadajumamurstova3@gmail.com*
***https://doi.org/10.5281/zenodo.14453266***

***Annotatsiya.*** *Motiv ha'm motivaciya haqqinda tu'sinik. Motivaciya haqqinda alimlardin' ko'z qarashlari. Motivaciya teoriyalari.*

***Gilt So'zler:*** *Motiv, motivaciya, mu'tajlik, iskerlik, obyektiv, subiektiv, xizmet.*

## МОТИВ И МОТИВАЦИИ

***Анотация.*** *Мотив и понятие о мотивации. Взгляды учёных о мотивации. Теории мотивации.*

***Ключевые слова:*** *Мотив, мотивация, неполнота, работа, объектив, субьектив, услуга.*

## MOTIVE AND MOTIVATION

***Abstract.*** *Let's understand motive and motivation. Scholars' views on motivation. Theories of motivation.*

***Key Words:*** *Motive, motivation, neediness, business, objective. subjective, service.*

Kirisiw. Shaxs iskerliginin' amelge asiwi ha'm shaxs minez -qulqin tu'sindirw ushin psixologiyada moti: ha'm motivaciya tu'sinikleri isletiledi.

Motiv -bul shaxsti ha'reketke ha'm iskerlikke u'ndewshi  mu'tajliktin' joqarg'i formasi retinde payda bo‘lishi ishki faktor

Motivaciya-insan o'z iskerligi dawaminda maqsetin a'melge asiriw ushin sebep bolatug'in derek.

Ha'r bir insannin' o'z o'mirinde motivasiyasin boladi. Usi motivaciya tiykarinda ha'reket etdi. Motivaciya jay til menen aytganda iskerlikti baslaw ha'm a'melge asiriw ushin tu'rtki bolip xizmet etdi.

Insan o'z o'mirinin' tiykarg'i bo'limin jumis penen o'tkeredi, jumis iskerligi ushinda motivaciya u'lken a'hmiyetke iye. Motivaciya mu'tajlikler  ta'sirinde ju'zege keledi apiwayi jumis iskerligi ushin tiykarg'i motiv bul is haqi ha'm xoshametlew bolip esaplanadi.

Charliz Darvin jaziwinsha insan miyi o'z iskerligi dawaminda energiyani tejew maqsetinde barliq na'rseni avtomatlastirilg'an jag'dayg'a keltiretug'in etken. Sonin' ushinda biz jan'a bilim ha'm iskerlikti u'yrenip atirg'animizda alding'a waqitlarda tez sharshap qalamiz, buni u'yreniw qiyinday tu'yiledi. Biraq ha'r ku'ni dawaminda qaytalanip turilsa biz avtomatik ta'rizde u'yrenip alamiz.

Insanda sirtqi ha'm ishki motivaciyalar bar. Ishki motivaciya ishte keletug'in ha'reketti an'latadi. Bul insandi qattiq islewge ha'm umitg'an narsege erisiwne u'ndiytug'in ishki  ilham. Sirtqi motivaciya ha'r qiliyli xoshametler ham bazadan qashiw ushin turtki boladi. Sirtqi motivaciya tez so'nedi ol ishki motivaciyag'a aylandirilg'an waqittag'ana saqlanip qaliwi mu'mkin. Misal ushin siz angliskiydi u'yrenejaqsiz ha'm jaqsi oqiw orayi haqqinda esitip qaldin'iz, ol barip ko'rdin'iz.

Bul jerde oqip biraz waqittan son' oqiwdi toqtatdin'iz, u'yrene almadin'iz.

Sebebi, siz sirtqi motivaciya boyinsha ha'reket etip atir edin'iz. Siz o'zin' bul til tildi u'yrenip shiqqanda qanday na'tiyjelerge erisiwin'iz mumkin ekenligin, onin' qanday paytdagi ta'repler bar ekenligin oylap ha'reket etkenin'zde bul sizge ishki motivaciya bolatug'in edi.

Motivaciya haqqinda teoriyalardi ulli alimlarimizdin' do'retiwshiliginde de ko'riwimiz mu'mkin.

S.L.Rubinshteyn motivaciyanin' psixologiyaliq a'hmiyeti haqqinda to'mendegilerdi aytip o'tken. Motivaciya- bul psixika arqali payda bolatug'in determinaciya. Motiv -shaxs minez-qulqinin' kognitivistlik processlerin sirtqi ortaliq penen u'liksiz tu'rde baylanistirip turadi. Motiv shaxsti ha'reketke ha'm iskerlikke u'ndewshi tu'rtiki esaplanadi.

Rus olimi R.Nemov shaxstag'i motivacion tarawdi to'mendegishe ko'rsetip bergen:

Uliwma alg'anda shaxsdag'i bar bolg'an mu'tajliklerdi eki toparg'a boliw mu'mkin.

1.Biologiyaliq mu'tajlikler fizialogiyaliq, jinsiy maslasiw mu'tajlikleri

2.Socialliq mu'tajlikler-bul miynet qiliw menen estetik ha ma'nawiy mu'tajlikler. Mu'tajliklerdi biologiyaliq ha'm socialliq tu'rlerge bo'lgen menen usini umitpawimiz kerek shaxsdag'i har qanday mu'tajlikler ham sociallasqan boladi, yag'niy olar sol ja'miyet ha'm ortaliqtag'i qa'diriyatlar, ma'deniy normalar ha'm insanlar ara mu'nasebetler xarakterini baylanisli boladi.

Motivaciyani oqiw iskerligi menen baylanisli halda u'yrengen ilimpazlar qatarina F.Y.Haydarovti kirgiziwimiz mu'mkin. F.Y.Haydarov o'zinin' izertlewlerinde oqiw motivlar olardin' qa'siyetleri, oqitiw procesinde unamli ha'm unamsiz motivlardin' ta'sirin ken' ko'lemde u'yrengen. Oqiw motivlarin bir qatar tu'rkimlerge ajiratqan, ka'sipke qizig'iw, jetiskenlikke erisiw, natiyje ko'rsetiw ha'm basqalarinin' payda boliwina ta'sir ko'rsetiwshi obyektiv ha'm subyektiv derekleri sonday -aq rawajlaniw mexanizimlerin islep shiqqan .Mak Gregor ha'm de Gersber motivatsiya teoriyalarin islep shiqqan.Bul teoriya eki sharayatta kelip shiqqan.

Ishshilerdi avtorital basqariw-X teoriyasi

Ishshilerdi demokratik basqari-Y teoriyasi

X- teoriyasi tipindegi adamlar erinshek ha'm jumis islewden qashiwshi adamlar bolip esaplanadi. Bunday adamlar o'zleri qarar qabil qiliwg'a ha'm juwapkershilikli aliwg'a tayin emes. Eger bul tiptegi jumisshilar baqlap turilmasa jumis islenbiydi. Misali mebel fermasinda, islegen mebellerge qarap is haqi beriletug'in bolsada jumisshilar tek basliq kelgen waqitta islewi ha'm basqa waqitta, jumis islomiy otiratug'inlig'i baqlang'an. Aniq maqset rawajlaniw joq.

Y-tiptegi adamlar barliq ku'shlerinjumisqa sariplaytug'in, jumis olar ushin a'hmiyetli ha'm bul normal hal dep esaplaydi. Eger olarg'a basliq ta'repinen sharayat jaratilip berilse olar jaqsi na'tiyjelerge erisedi, o'zlerin ka'spke bag'ishlaydi i ha'm kompaniyag'a payda keltirdi. Analiz qilatug'in bolsaq, bul jerde motivaciya rol oʻynaydi. Motivaciyanin' ko'plep teoriyalari ha'm modelleri bar bolip, olar ayrim waqitlarda bir -birine qarama-qarsi keledi. Basliqlar tarepinen jumisshilardi xoshametler maqsetinde ha'r bir kompaniya ushin arnawli dastur islep shig'iliwi kerek, sebebi jumisshilardi qaniqtirmay turip, jumistin' sapanin jaqsilaw qiyin.

Juwmaq etip aytatug'in bolsaq, motivaciya shaxsti is-ha'reketke, maqsetke un'dewshi ku'sh.

Motivaciya terminin "umitiliw", "talap,", Qozg'aw", zaru'riyat" siyaqli atamar menen atasaqta boladi.

**REFERENCES**

1. Oskinbaeva, G. (2023). PSYCHOLOGICAL CHARACTERISTICS OF SELF-DEVELOPMENT DURING THE STUDENT PERIOD. Modern Science and Research, 2(7), 359–362. Retrieved from https://inlibrary.uz/index.php/science-research/article/view/22238
2. Davletbaevna O. G. TALABALIK DAVRIDA O'ZINI O'ZI RIVOJLANTIRISHNING PSIXOLOGIK XUSUSIYATLARI. – 2023.
3. Venera, Mambetiyarova. "PSYCHOLOGICAL ANALYSIS OF THE RELATIONSHIP BETWEEN CHILDREN AND PARENTS IN ADOLESCENCE." European International Journal of Pedagogics 4.05 (2024): 16-19.
4. Venera, Mambetiyarova. "Socio-Psychological Features of Relationships of Children and Their Parents." (2023).
5. Go’zal D., Gulsevar J. OILADA O’SMIRLAR TARBIYASI //THEORY AND ANALYTICAL ASPECTS OF RECENT RESEARCH. – 2023. – Т. 2. – №. 19. – С. 41-44.
6. 6.Dauletova G. M. MOSLASHISHNING IJTIMOIY-PSIXOLOGIK SIFATLARI //Педагогика и психология в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – №. 14. – С. 37-40.
7. Go’zal D. O. ’SMIRLAR ORGANIZMIDA RO’Y BERADIGAN O’ZGARISHLAR //THE THEORY OF RECENT SCIENTIFIC RESEARCH IN THE FIELD OF PEDAGOGY. – 2023. – Т. 1. – №. 6. – С. 50-55.
8. Muratbayevna, Dauletova Gozal, and Madaminova Nargiza Qurbanbayevna. "BOLANING RIVOJLANISH DAVRI PSIXOLOGIYASI." Scientific Impulse 1.1 (2022): 33-35.
9. Dauletova, G. M. "Personality development in adolescence." Science and Education in Karakalpakstan 114 (2023).
10. Даулетова, Г. (2023). ЎСМИРЛИК ЁШИДА ШАХСНИНГ РИВОЖЛАНИШИ. Журнал «Вестник физической культуры и спорта» Нукусского филиала Узбекского государственного университета физической культуры и спорта, 1(1), 102–105. извлечено от https://science.uzdjtsunf.uz/index.php/science/article/view/194
11. Dauletova, G. M. "O’SMIRLIK YOSHDAGI PSIXOLOGIK O’ZGARISHLAR." ХАБАРШЫСЫ 3 (2022): 81.